

# Rete nan Chalè Rete Ansekirite



**Sonje sekirite anpremye lè w pral chofe kay ou nan ivè sa a !**

Chofaj se Zzyèm lakòz dife nan kay nan Massachusetts, lakòz plis pase 8.518 dife nan 5 dènye lane yo. Sèvi avèk prekosyon e reponsablite ak sistèm chofaj kay la ansanm ak chofaj pòtab yo. Se fason sa pou...Rete nan Chalè – Rete Ansekirite

## **Pran tout prekosyon debaz konsènan sekirite pou dife**

- Asire w ke genyen alam pou lafimen nan chak nivo ikonpri youn deyò chanm kote moun dòmi.
- Teste alam lafimen ak gaz kabonik yo chak mwa epi chanje batri yo 2 fwa chak lane, anmenm tan w ap chanje lè pandil yo.
- Fè esè pou sove de dife avèk yon plan pou chape kò nou.
- Pratike sekirite kont dife nan kay epi bay timoun yo bon ekzanp.

## **Fè atansyon lè w ap sèvi ak chemine ak recho enèji solid**

Si w chofe kay ou ak *enèji solid* ke w boule (chabon, bwa dife, brikèt), fè atansyon anvan, pandan epi apre lè w ap sèvi ak kalite enèji sa yo.

- Fè yon pwofesyonèl netwaye chemine a chak ane.
- Asire w ke recho chofaj la apwouve pa ajans tèst nasyonal tankou Underwriter's Laboratory » (UL).
- Jwenn yon pèmi konstriksyon anvan w enstale yon recho chofaj.
- Kenbe nenpòt bagay ki kab boule omwens 3 pye pi lwen.
- Jete sann yo nan yon kontenè an **metal**, avèk yon kouvèti, lwen kay la, garaj la oswa galri antre kay la (porch).

## **Chofaj Pòtab Bezwen Espas**

Dife ki fèt akòz chofaj pòtab yo ra, men yo souvan mòtèl. Si w gen pou sèvi ak yon chofaj pòtab, fè l avèk anpil prekosyon.

- Pa sèvi ak chofaj pòtab kòm sous prensipal chofaj ou.
- Kenbe nenpòt bagay ki kab boule omwens 3 pye pi lwen.
- Sèvi sèlman ak ralonj fil elektrik gwo kalib (heavy-duty).
- Toujou etenn li lè w pral dòmi oswa lè w ap sòti de kay la.
- Chofaj pòtab ak kerozenn ilegal pou itilizasyon nan kay nan Massachusetts.



**Department of Fire Services**  
[www.mass.gov/dfs](http://www.mass.gov/dfs) • (978) 567-3380

## Fè mentyen ekipman gaz natirèl yo

Gaz Natirèl se yon fason ansekirite ak efikas pou kwit manje, chofe kay ak dlo cho.

- Fè yon pwofesyonèl tcheke recho chofaj ak dlo chak ane.
- Pa sèvi ni estoke gazolin oswa founiti pou penti andedan kote yo kab pran dife akòz limyè pilòt la.

Fwit gaz gen dwa danjere – si w santi yon bagay tankou ze pouri oswa ou panse ke gen dwa gen yon fwit,

- Sòti deyò.
- Pa fimen ni limen oswa etenn okenn bouton elektrik – zetensèl gen dwa fè eksplozyon.
- Rele 911 imedyatman.

## Fè mentyen ekipman chofaj ak lwil

Chofaj kay ak lwil se yon fason tou ki efikas ak ansekirite.

- Fè yon pwofesyonèl tcheke recho chofaj la e netwaye l chak ane.
- Pa kite tank la rive pi ba pase yon-ka.
- Fè yon sèvis nan recho chofaj ak lwil la si l ap fè lafimen oswa sann nwa (laswi).

## Gaz kabonik: yon asasen an silans

Ekipman chofaj se pi gwo sous gaz kabonik (CO) nan kay.

- Enstale alam pou gaz kabonik nan tout nivo nan kay la.
- Pa sèvi ak fou gaz oswa recho kizin pou chofe kay la.
- Fè yon pwofesyonèl tcheke recho chofaj ak chemine kay la chak ane.
- Kenbe vantilatè ak tiyo echapman aparèy kay yo klè, san lanèj ni branch bwa.

## Asistans pou enèji

Pou enfòmasyon sou asistans pou enèji, tanpri rele HEATLINE nan 1-800-632-8175 (oswa pou Boston sèlman 617-357-6012) oswa sou Entènèt nan [www.mass.gov/dhcd](http://www.mass.gov/dhcd).

Pou plis enfòmasyon ale nan:  
[www.mass.gov/KeepWarmKeepSafe](http://www.mass.gov/KeepWarmKeepSafe)



Department of Fire Services  
[www.mass.gov/dfs](http://www.mass.gov/dfs) • (978) 567-3380